

TINDAK TUTUR ATUR PANUWUN
ING DESA DERMOSARI, KECAMATAN TUGU, KABUPATEN TRENGGALEK

Danang Wijoyanto, Drs. Sugeng Adipitoyo, M.Si

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa)

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Surabaya

danangwijoyanto@gmail.com

Abstrak

Tindak tutur atur panuwun kalebu tindak tutur ekspresif sing isih digunakake lan kerep diprangguli ing bebrayan. Tindak tutur atur panuwun ditindakake dening panutur kanggo ngurmati mitratutur sawise nampa kabecikan. Dene jinis TTAP adhedhasar lageyane panutur lan pananggape mitratutur durung tau ditliti. Rong dhasar kuwi nduweni sesambungan karo sumber, struktur sosial, relasi sosial, norma sosial lan kahanan sosial.

Punjere panliten iki yaiku ngenani apa wae jinis TTAP adhedhasar lageyane panutur lan pananggepe mitratutur ing masyarakat Desa Dermosari, Kecamatan Tugu, Kabupaten Trenggalek. Adhedhasar punjere panliten, ancas panliten iki ngandharake lan njlentrehake jinis TTAP adhedhasar lageyane panutur lan pananggepe mitratutur ing masyarakat Desa Dermosari, Kecamatan Tugu, Kabupaten Trenggalek. Paedah teoritis panliten iki yaiku kanggo nyengkuyung ilmu pragmatik lan menehi sumbangsih tumrap ilmu sintaksis ngenani ukara atur panuwun. Paedah praktis kanggo ngrembakake materi ajar basa Jawa ing sekolahna mligine tatacara atur panuwun kang pener lan bener.

Panliten tindak tutur atur panuwun iki dilebokake jinis etnografi awit ngrembug basa kang disambungake karo konteks sosial. Panliten iki asipat dialektif, deskriptif, lan sinkronis. Teori sing digunakake yaiku teori tindak tutur Brown lan Levinson. Dhata panliten iki dijupuk dening panliti ing lapangan. Sumber dhatane asale saka cathetan lan rekaman warga Desa Dermosari, Kecamatan Tugu, Kabupaten Trenggalek. Tatacara nglumpukake dhata kanthi metodhe semak lan wicara. Tatacarane njlentrehake dhata kanthi metodhe kategoris, teks lan konteks. Dene tatacara nyuguhake jlentrehan dhata kanthi deskriptif lan informal.

Jinis TTAP adhedhasar lageyane panutur diperang dadi nembelas yaiku (1) blaka langsung karana solah bawa mawa panjaluk, (2) blaka ora langsung karana solah bawa mawa panjaluk, (3) blaka langsung karana solah bawa tanpa panjaluk, (4) blaka ora langsung karana solah bawa tanpa panjaluk, (5) ora blaka langsung karana solah bawa mawa panjaluk, (6) ora blaka ora langsung karana solah bawa mawa panjaluk, (7) ora blaka langsung karana solah bawa tanpa panjaluk, (8) ora blaka ora langsung karana solah bawa tanpa panjaluk, (9) blaka langsung karana pocapan mawa panjaluk, (10) blaka ora langsung karana pocapan mawa panjaluk, (11) blaka langsung karana pocapan tanpa panjaluk, (12) blaka ora langsung karana pocapan tanpa panjaluk, (13) ora blaka langsung karana pocapan mawa panjaluk, (14) ora blaka ora langsung karana pocapan mawa panjaluk, (15) ora blaka langsung karana pocapan tanpa panjaluk, lan (16) ora blaka ora langsung karana pocapan tanpa panjaluk. Dene jinis TTAP adhedhasar pananggape mitratutur ana telu yaiku (1) katampa, (2) ora katampa nanging ora katampik lan (3) katampik.

Tembung Wigati: tindak tutur atur panuwun, lageyane panutur, pananggape mitratutur lan konteks sosial.

PURWAKA

Landhesane Panliten

Tindak tutur atur panuwun (sabanjure TTAP) yaiku salahsawijine tindak tutur ekspresif kang isih digunakake lan kerep diprangguli ing bebrayan. Panutur ngucapake atur panuwun marang mitratutur awit mitratutur wis nindakake tumindak tartamtu (Gudai, 1989:99). Lumrahe tumindak sing dilakoni mitratutur yaiku tumindak sing ndadekake panutur seneng awit ngemu kabecikan. Atur panuwun kuwi ing bebrayan diwujudake lumantar pocapan (verbal) lan solah bawa(nonverbal). Atur panuwun kanthi solah bawa (nonverbal) lumrahe diwujudake kanthi nengenake tumindak menehi barang lan dhuwit. Dene TTAP kuwi

kalebu wujud pocapan (verbal) sing nengenake basa minangka sarana utama.

Masyarakat Jawa dhewe anggone ngandharake TTAP nduweni wujud lan tatacara kang beda-beda. TTAP blaka lumrahe diucapake panutur kanthi titikan anane tembung panandha “*matur nuwun*”, “*matur suwun*”, “*nuwun*” utawa “*suwun*”. Akeh panutur kang medharake atur panuwun blaka kanthi nambahi ukara lan kembangan liyane. Malah-malah ana panutur kang medharake atur panuwune tanpa nggunakake tembung-tembung panandha. Tuladhané atur panuwun kang diwedharake tanpa tembung panandha yaiku “*Sampeyan ki janji rene mesthi nggawa-nggawa, mbok ora usah repot-repot*”. Wujud ukara TTAP ing ndhuwur kalebu ukara pamenging kamangka TTAP kalebu jinis ukara

carita. Ukara atur panuwun kang surasane nyritakake rasa seneng lan kurmat, bisa diwujudake nggunakake ukara pakon utawa malah ukara pitakon. Ukara ing ndhuwur nyimpang saka paugeran sintaksis awit struktur ukarane ora cocog karo guna umume. Aziz (2006:129) ngandharake yen TTAP digunakake kanthi wujud lan cara kang beda-beda jumbuh karo kahanane. Mula saka iku konteks, tujuwan, kalungguhane panutur lan mitratutur bakal menehi daya pangaribawa tumrap wujud uga tatacarane panutur.

Ing buku-buku paramasastra Jawa isih durung ana kang ngandharake kanthi gamblang ngenani ukara atur panuwun. Buku-buku paramasastra *Javaansche Spraakkunst* (Kiliaan, 1919), *Inleiding Tot Het Modern Javaans* (Ras, 1985), *Javaansche Spraakkunst* (Prijohoetomo, 1937), *Kawruh Paramasastra Jawa* (Subaldinata, 1994) kang kudune diandharake jebul ora ditemokake jinise ukara atur panuwun. Dene buku paramasastra kang judhule *Tipe Kalimat Bahasa Jawa* (Subroto dkk, 1987), *Tata Bahasa Baku Bahasa Jawa* (Subroto dkk, 1991), *Tata Bahasa Deskriptif Bahasa Jawa* (Subroto dkk, 1991), *Paramasastra Djawi* (Sastrasoepadma, 1958) iki mung merang jinise ukara adhedhasar kelompok tembung utawa frasa lan ora ngandharake anane ukara atur panuwun. Buku kang ngrembug jinise ukara adhedhasar surasane nanging ora ngandharake ukara atur panuwun yaiku *Tata Sastra* (Hadiwidjana, 1967), *Karti Basa* (Kementerian Pengadjaran Pendidikan dan Keboedajaan, 1946), *Paramasastra Jawa* (Padmosoekotjo, 1987), *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa* (Sasangka, 2001), *Paramasastra* (Antunsuhono, 1956), *Sarinings Paramasastra Djawa* (Poerwadarminta, 1953). Saka sakehe jinise ukara durung ana panliti kang ngandharake jinis ukara atur panuwun.

TTAP nduweni perangan mirungan sing ora kabeh diduwensi jinis-jinis tindak turut liyane. TTAP nduweni pola sing dumadi saka referensi, ucapan atur panuwun, lan pananggap (Ibrahim, 1993:263). Sing mbedakake TTAP karo jinis tindak turut liyane yaiku kanthi anane referensi utawa sumber. Sumber iki arupa kabecikan kang dialami panutur awujud tindak sosial lan tindak turut kang banjur ditanggapi karo TTAP. Sumber kuwi bakal menehi daya pangaribawa tumrap wujude TTAP lan lageyane panutur. TTAP sing diwedharake panutur banjur ditanggapi dening mitratutur kanthi nampa utawa nampik. Malah-malah ana TTAP kang ditanggapi kanthi tanpa tuturan. Lumrahe bab kuwi ana sesambungane karo kahanan sosial kang resmi lan ora resmi.

TTAP dhewe miturut Searle (sajrone Rahyono, 2012:216) tebane ana ing sangisore tindak turut ilokusi ekspresif. Panutur nindakake TTAP awit nuduhake rasa

senenge panutur lan nduweni tujuwan nyenengake, ngregani lan weneh rasa kurmat sawise diapiki mitratutur. Tujuwan kuwi ana ing sawalike wedharan TTAP kang sinebut daya ilokusi. Saliyane wis kasil nindakake tindak turut ilokusi panutur uga kasil nindakake tindak turut perllokusi kanthi nyawang pananggape mitratutur. Panutur ing kene nyoba ngaruh-aruhi mitratutur supaya TTAP sing ditindakake ditampa utawa ditampik. Yen mitratutur nindakake kaya apa sing dikarepake panutur mula panutur wis kasil ing efek perllokusi (Ibrahim, 1993:12). Kanyatane akeh pawongan kang nindakake tindak turut lokusi yaiku mung saderma medharake tanpa nduweni tujuwan nyenengake lan ngurmati mitratutur. Panutur medharake TTAP mung kanggo formalitas wae. Mula saka iku TTAP nduweni perangan mirungan awit bisa ana sangisore tindak turut lokusi, ilokusi lan perlokus.

TTAP kalebu tindak turut kang apik awit nengenake sikap kurmat marang mitratutur. Ana golongan masyarakat tartamtu sing perlu dikurmati lan ana golongan masyarakat liya sing bisa diadhepi kanthi cara biasa (Poedjosoedarma, 1979:6). Tatacara ngurmati sing diwedharake panutur bakal dicundhukake karo konteks sosial kang ana sacredhake. Wong sugih luwih nduweni kuwaswa tinimbang wong mlarat mula bisa milih cara nindakake TTAP kanthi bebas. Dene wong mlarat bakal nengenake kurmate nalika nindakake TTAP utawa nalika nanggapi TTAP saka wong sugih. Kaya kang wis dingerten yen kelompok-kelompok kang beda profesi utawa beda kalungguhan ing masyarakat kerep nggunakake cara sing beda uga (Anwar, 1995:220). Mula saka iku lageyane punutur lan pananggape mitratutur sajrone TTAP ana sesambungane karo struktur sosial, relasi sosial, norma sosial uga kahanan sosial.

Teori tindak turut sing kawitan yaiku teorine Austin (sajerone Nababan, 1987:18) kang merang tindak turut adhedhasar isine tuturan dadi lokusi, ilokusi, lan perllokusi. Sadurunge lair teori tindak turut Austin Fishman ing taun 1971 wis ngandharake ngenani konsep domain (Ibrahim, 1994:75). Bab sing nemtokake domain miturut Fishman (sajrone Ibrahim, 1994:76) yaiku bab sing diomongake, sesambungan kalungguhan antarane partisipan lan setting. Konsep ngenani domain iki banjur dadi dhasar tuwuhe teori tindak turut Austin. Austin (sajrone Ibrahim, 1993:129) ngandharake yen tindak turut ditindakake adhedhasar kapentingane dhewe lan nuduhake kalungguhane panutur ing kelompok tartamtu. Kanthi dhasar kuwi mula miturut Austin struktur sosial menehi daya pangaribawa tumrap tindak turut. Searle (sajrone Nadar, 2009:4) ngandharake yen cara negesi pocapan kuwi gumantung kahanan sajrone konteks. Searle (sajrone Mulyana, 2005:24) ngandharake yen konteks sosial yaiku relasi sosio-kultural sing njangkepi sesambungan panutur karo mitratutur nalika omong-omongan. Kanthi dhasar

kasebut genah yen miturut Searle sing menehi daya pangaribawa tindak tutur dudu struktur sosial nanging relasi sosial. Ing taun 1980-an Levinson nemokake teori tindak tutur sing bisa nempukake panemune Austin lan Searle. Miturut Brown & Levinson (1987) tindak tutur kena daya pangaribawa *jarak sosial* (*social distance*, *D*), *kewenangan relatif* (*relative power*, *P*), lan *tingkat imposisi* saka tuturan (*absolute ranking of imposition*, *R*). Kanthi dhasar ing ndhuwur mula struktur sosial, relasi sosial lan norma sosial menehi daya pangaribawa tumrap tindak tutur mligine TTAP.

Panliten ngenani tindak tutur ekspresif lan TTAP wis tau ditliti. Dene panliten TTAP ing Desa Dermosari, Kecamatan Tugu, Kabupaten Trenggalek durung tau ditliti. Panliten sadurunge ditindakake dening Aziz (2006) kang nliti TTAP ing kalangan tutur basa Indonesia. Kanthi dhasar ing ndhuwur isih durung ana panliten ngenani TTAP ing basa Jawa kanthi punjer kang padha.

Punjere Panliten

Punjere panliten adhedhasar landhesane panliten ana ing ngisor iki.

- (1) Apa wae jinise TTAP adhedhasar lageyane panutur ing masyarakat Desa Dermosari, Kecamatan Tugu, Kabupaten Trenggalek?
- (2) Apa wae jinise TTAP adhedhasar pananggape mitratutur ing masyarakat Desa Dermosari, Kecamatan Tugu, Kabupaten Trenggalek?

Ancase Panliten

Adhedhasar punjere panliten, ancase panliten ana ing ngisor iki.

- (1) Ngandharake jinise TTAP adhedhasar lageyane panutur ing masyarakat Desa Dermosari, Kecamatan Tugu, Kabupaten Trenggalek.
- (2) Ngandharake jinise TTAP adhedhasar pananggape mitratutur ing masyarakat Desa Dermosari, Kecamatan Tugu, Kabupaten Trenggalek.

Paedahe Panliten

Paedah teoretis asil panliten iki bisa kanggo panyengkuyung ngrembakake ilmu pragmatik Jawa kang wis ana sadurunge. Saliyane iku, asil panliten iki uga bisa menehi sumbangsih tumrap pangrembakane kajian tindak tutur basa Jawa lan linguistik. Asil panliten iki uga weneh sumbangsih tumrap ngrembakane sintaksis basa Jawa ngenani jinis ukara atur panuwun.

Paedah praktis asil panliten iki bisa kanggo ngrembakakake materi ajar basa Jawa ing sekolahane mligine ing wicara Jawa. Asil panliten iki bisa kanggo dhasar nindakake atur panuwun kang bener lan pener. Paedahe Kanthi nemokake lageyane panutur lan

pananggape mitratutur diajap bisa ngerti kahanan sosial warga Desa Dermosari, Kecamatan Tugu, Kabupaten Trenggalek anggone nindakake TTAP.

Tegees lan Titikane Tindak Tutur Atur Panuwun

TTAP yaiku salah sijine jinis tindak tutur ekspresif kang nuduhake rasa senenge panutur lan nduweni tujuwan ngregani uga ngurmati mitratutur sing wis menehi pitulungan utawa kabecikan. Andharan kuwi jumbuh karo panemune Poerwadarminta (1937:350) yen tembung nuwun ateges mratelakake pakurmatan. Pranowo (2001:653) banjur nambahi yen ‘nuwun’ tegese mratelake pakurmatan lan pangucap minangka atur sawise diwenehi, ditulungi, lsp. Dene TTAP ing kanyatan diwujudake kanthi tuturan utawa wedharan lisan sawise nampa samubarang.

Titikane TTAP blaka yaiku kanthi anane tembung panandha ‘nuwun’ utawa ‘matur nuwun’. Titikan linguistik liyane yaiku ukara TTAP bisa awujud tembung, frasa lan klausa. Tuladhane yaiku “nuwun”, “matur nuwun” lan “aku ngaturake panuwun”. Para panutur ing kanyatan jebul akeh kang salah kaprah nggunakake tembung ‘suwun’ minangka panandha. Titikan ing ndhuwur digunakake yen TTAP diwedharake kanthi cara blaka. Panutur anggone medharake TTAP ana kang nambahi kembangan-kembangan lan digedhegedhekake. Kembangan kuwi uga bisa disebut abang-abang lambe. Malah ana TTAP kang diwedharake kanthi ora blaka tanpa nggunakake tembung panandha kaya ing ndhuwur. Panutur nggunakake tatacara kang beda-beda gumantung kontekse lan paugeran (konvensi). Dene adhedhasar tatacara sing digunakake TTAP bisa ditindakake kanthi langsung lan ora langsung. TTAP dening mitratutur uga bisa ditanggapi kanthi cara nampa lan nampik.

TTAP ditindakake panutur kanggo nindakake norma sosial yaiku nengenake karukunan, rasa kurmat lan ngregani mula nduweni sipat interpersonal sing kuwat. TTAP ditindakake awit pengin ngugemi pangajap sosial yen pawongan kudu ngaturake panuwun sawise oleh bantuwan (Ibrahim, 1993:40). Bab kuwi tujuwane kanggo ngregani lan nyenengake pawongan sing wis menehi tumindak becik uga nindakake norma sosial. Gunarwan (2007:229) uga ngandharake yen wong Jawa anggone nglakoni urip nengenake prinsip karukunan sing ing njerone ana kurmat, andhap asor, empan papan lan tepe slira. TTAP kang tujuwane ngurmati wong liya anggone medharake uga ora bisa diwalakake saka patang perangan ing ndhuwur. Leech (1983:198) uga nambahi yen tujuwan nindakake TTAP iku kanggo ndadekake kimbangan (*keseimbangan*) utawa saora-orane kanggo ngurangi ora imbange antarane panutur lan mitratutur. Mula yen mitratutur bisa rumangsa dikurmati lan nampa TTAP saka

panutur, panutur kuwi kasil njaga kaimbangan utawa karukunan ing bebrayan. TTAP uga diarani kasil yen mitratutur ngerti maksude panutur lan nanggapi daya ilokusine panutur.

TTAP miturut sipate tujuwan bisa diperang dadi loro yaiku TTAP kang asipat rutinitas lan TTAP kang asipat murni. TTAP kang asipat rutinitas tujuwane mung nindakake norma sosial. Mula saka kuwi panutur nglirwakake rasa katulusan anggone medharake TTAP. Dene TTAP kang asipat murni yaiku TTAP kang ditindakake kanthi rasa tulus, kepengin ngregani lan bener-bener nuduhake rasa senenge sawise nampa samubarang saka mitratutur.

Sumbere Tindak Tutur Atur Panuwun

Wong sing nindakake TTAP ora tuwuhan tanpa sebab nanging ana sumber sing njalari. Sumber sajrone TTAP uga diandharake dening Ibrahim (1993:263) yen TTAP nduweni pola sing dumadi saka referensi, pocapan atur panuwun, lan pananggape mitratutur. Adhedhasar andharan ing ndhuwur sing disebut sumbere TTAP yaiku referensi. Referensi dhewe nduweni teges sumbere pituduh (Pranowo, 2001:260). Mula yen disambungake karo andharan ing ndhuwur referensi minangka sumber saka TTAP. Sumber kuwi asale saka mitratutur kang arupa pawenehan. Panutur nanggapi kanthi nindakake TTAP kang banjur uga ditanggapi dening mitratutur.

Sajrone proses sosial ana norma-norma kang tuwuhan asipat verbal lan nonverbal. Proses sosial verbal yaiku proses sosial kang nggunakake basa minangka sarana kang utama. Proses sosial nonverbal ngener ing proses sosial sing ora nggunakake basa nanging tumindak minangka sarana kang utama (Santoso, 1999:10). Adhedhasar pamerang kuwi mula sumbere TTAP ana loro yaiku pocapan (verbal) lan solah bawa (nonverbal). Sumber pocapan yaiku pawenehan kang luwih nengenake basa lan pocapan minangka sarana kang utama. Tuladha sumber pocapan yaiku diwenehi weruh, diwenehi kabar, diwenehi pitur, diwenehi palilah, diwenehi pandonga, diwenehi panemu lan sapanunggale. Dene sumber solah bawa yaiku pawenehan kang luwih nengenake tumindak lan barang minangka sarana utama. Tuladha sumber solah bawa yaiku diwenehi barang, diwenehi dhuwit, lan diwenehi tenaga utawa pitulungan.

Sumbere TTAP kang arupa pawenehan isih bisa diperang maneh adhedhasar jalarane yaiku mawa panjaluk lan tanpa panjaluk. Sumber mawa panjaluk yaiku anane pawenehan saka mitratutur amarga panutur sing njaluk. Tuladhane, mitratutur menehi jagung awit sadurunge panutur njaluk luwih dhisik. Dene sumber tanpa panjaluk yaiku anane pawenehan saka mitratutur amarga saka karepe mitratutur dhewe tanpa panutur njaluk luwih dhisik. Panutur ing kene sadurunge ora weruh yen

mitratutur menehi samubarang mula sok bisa ndadekake panutur ora nyana.

Jinise Tindak Tutur Atur Panuwun Adhedhasar Lageyane Panutur

Jinise TTAP adhedhasar lageyane panutur bisa diperang dadi loro yaiku tatacara medharake lan tatacara sing digunakake. Tatacara sing diwedharake panutur ana loro yaiku kanthi blaka lan ora blaka. Dene tatacara sing digunakake panutur kuwi ngenani panutur mbuthuhake wong katelu utawa ora anggone nindakake atur panuwune. Mula saka kuwi tatacara sing digunakake panutur ana loro yaiku langsung lan ora langsung.

Tindak Tutur Atur Panuwun Blaka

Miturut Djajasudarma (1994:65) tatacara blaka nuduhake gunane sajrone kahanan (tumindak) langsung lan literal (jumbuh karo kanyatan). Kanthi paugeran formalitas sintaksis titikane TTAP blaka bisa diweruh anane tembung ‘suwun’, ‘matur suwun’, ‘nuwun’ utawa ‘matur nuwun’. Cara iki kaperang dadi loro yaiku kanthi strategi kesantunan negatif lan strategi kesantunan positif. Strategi kesantunan negatif ngener ing pepenginane manungsa sing pengin diregani lan mbebasake manungsa saka kewajiban nindakake samubarang. Dene strategi kesantunan negatif miturut Brown lan Levinson sajrone Nadar (2009:47) diperang dadi sepuluh, yaiku (1) nuturake kanthi ora blaka cundhuk karo konvensi, (2) takon, berpagar (hedge), (3) andhap asor (*pesimis*), (4) nyuda tumindak meksa, (5) menehi pakurmatan, (6) njaluk pangapura, (7) nggunakake wujud impersonal yaiku tanpa nyebut jenengé panutur lan mitratutur, (8) ngandharake tumindak ora ngajeni minangka aturan sing wis umum ing bebrayan, (9) mujudake ing angka utawa nominal, (10) ngandharake yen panutur wis menehi kabecikan (nyebutake sumber).

Strategi kesantunan positif ngener ing pepenginane manungsa nalika nindakake samubarang ditampa apik, nyenengake lan pantes diregani (Chaer, 2010:11). Brown lan Levinson (sajrone Chaer, 2010:53-55) merang strategi kesantunan positif dadi limalas substrategi yaiku (1) nggatekake kasenengan, pepenginan lan kabutuhane mitratutur, (2) nggedhek-nggedhekake rasa welas, pasarujukan lan nggatekake mitratutur, (3) nggatekake panutur luwih jeru kanthi nggedhek-nggedhekake kedadeyan lan kanyatan, (4) nggunakake celukan kang mligi sing nuduhake anane karakteran saka kelompok tartamtu, (5) nggolek lan ngupaya pasarujukan klawan mitratutur kanthi cara mbaleni kabeh utawa saperangan tuturan mitratutur, (6) ngadahi anane beda panemu karo mitratutur kanthi cara ethok-ethok sarujuk, ngapusi kanggo kabecikan, utawa pamagaran opini, (7) nuduhake perangan-perangan sing dianggep nduweni bab

kang padha lumantar abang-abang lambe lan praaenggapan, (8) nggunakake guyongan sajrone tuturan, (9) nggawe anggepan yen panutur ngertenip pepenginane mitratutur, (10) menehi janji lan nawani samubarang, (11) nuduhake rasa optimis, (12) ngupaya melokake mitratutur lan panutur ing sawijine tumindak tartamtu, (13) menehi lan njaluk alesan, (14) resiprokalitas utawa nawakake tumindak nampa-piwales, lan (15) menehi bebungah (barang, rasa welas, kawigaten) marang mitratutur.

Tindak Tutur Atur Panuwun ora Blaka

Tatacara ora blaka mujudake maksud sing diwedharake kanthi ora nggunakake tembung panandha atur panuwun. Yule (2006:96) ngandharake yen ana sesambungan ora langsung antarane struktur karo guna sinebut ora blaka. Maksud kuwi sengaja didhelikake ing sawalike rerakite tetembungan utawa ukara kanthi nggatekake konteks tartamtu. Cara ora blaka iki diperang dadi 15 yaiku (1) menehi tandha utawa pituduh, (2) nuduhake pituduh anane panemu sing padha, (3) nggunakake tandha (isyarat), (4) nyilikake, (5) negesake utawa ngluwihake, (6) tautologi (nggunakake tembung sing luwih saka samesthine), (7) nggunakake kontradiksi, (8) kanthi ironi, (9) nggunakake metafora, (10) balik takon, (11) ambiguitas, (12) samar-samar, (13) ngluwih-nluwihake bab sing biasa, (14) nganteni mitratutur, lan (15) nggunakake elipsis. Miturut Brown lan Levinson sajrone Nadar (2009:38), panutur nggunakake tatacara ora blaka iki krana 4 alasan yaiku (1) panutur dipercaya minangka pawongan kang wicaksana lan ora meksa karepe mitratutur, (2) panutur ngadahi yen saupama dheweke bakal dadi rerasaran wong liya, (3) panutur ngadahi tanggung jawab minangka pawongan kang dianggep ora ngajeni mitratutur, lan (4) panutur kanthi ora langsung menehi kalonggaran mitratuture kanggo nggatekake kekarepane.

Tindak Tutur Atur Panuwun Langsung

TTAP langsung mujudake wujud deklaratif kang digunakake kanggo nggawe sawijine wedharan. Cara sing digunakake panutur ing kene kanthi medharake kanthi sapajagong karo mitratutur. TTAP langsung iki mujudake TTAP kang ditindakake dening panutur langsung marang mitratuture, tanpa lantaran wong katelu.

Tindak Tutur Atur Panuwun ora Langsung

TTAP ora langsung mujudake wujud deklaratif kang digunakake kanggo nggawe sawijine panjaluk. TTAP ora langsung iki nduweni titikan yaiku anane wong katelu sajrone tuturan. Ateges panutur njaluk tulung marang wong katelu kasebut kanggo medharake apa kang dikarepane dening panutur. Bab iki ora amarga panutur

ora bisa medharake kanthi langsung, nanging amarga panutur pance nengaja milih wujud ora langsung.

Jinise Tindak Tutur Atur Panuwun Adhedhasar Pananggape Mitratutur

Wong sing nindakake TTAP mesti nduweni tujuwan TTAP kuwi ditanggapi. Pananggape mitratutur bisa diperang dadi loro yaiku TTAP kang katampa ora katampa nanging ora katampik lan TTAP kang katampik. Mitratutur nanggapi lageyane panutur saliyane kanthi cara verbal uga bisa nggunakake kinesik. Tegese kinesik yaiku nampa kanthi obahe awak tanpa nggunakake tuturan. Sumarsono (2013:101) ngandharake yen panutur sarujuk lan mbenerake panemune mitratutur lumrahe sirahe panutur manthuk. Dene panutur kang nampik bakal nggedhegake sirahe. Supaya luwih cetha ing ngisor iki diandharake pamerange TTAP adhedhasar pananggape mitratutur.

Tindak Tutur Atur Panuwun kang Katampa

Miturut Ibrahim (1993:40-41) mitratutur nampa TTAP saka panutur awit mitratutur bisa ngrasakake yen panutur bener-bener tulus nindakake TTAP. Saliyane kuwi mitratutur nampa lageyane panutur awit uga pengin males ngregani panutur kang ngurmati dheweke. Bisa uga wong sing nampa lageyane panutur ora amarga alas an ing ndhuwur nanging mung nindakake pangajap sosial wae minangka formalitas. TTAP kang katampa bisa dititiki anane tembung “ya” lan ukara kang asipat nyarujuki.

Tindak Tutur Atur Panuwun kang ora Katampa nanging ora Katampik

TTAP kang ora katampa nanging ora katampik yaiku pananggape mitratutur kang ora bisa diarani katampa lan ora bisa diarani katampik mula bisa sinebut wandu. Pananggap sing kaya mangkono kuwi ditindakake mitratutur sing golek aman. Golek aman tegese supaya pananggape kuwi ora nguciwakake panutur. Ana TTAP sing yen ditampa malah ora sopan nanging yen ditampik uga ora sopan. Titikane yaiku ukarane nggunakake tembung “ya” kang asipat nyarujuki nanging uga nggunakake tembung “ora” kang asipat kontradiktif.

Tindak Tutur Atur Panuwun kang Katampik

Mitratutur nampik lageyane panutur uga nduweni alas an dhewe-dhewe. Miturut Ibrahim (1993:41) TTAP kang katampik awit mitratutur ora ngregani panutur. Saliyane kuwi cara sing digunakake panutur ora kasil ngregani mitratutur. TTAP kang katampik awit panutur nerak paugeran tumrap cara nindakake TTAP jumbuh karo pangajap sosial. Ana uga lageyane panutur kang ditampik awit mitratutur malah pengin ngurmati panutur. TTAP kang katampik bisa dititiki kanthi anane

tembung "ora" lan ukara kang asipat kontradiktif karo lageyane panutur.

Konteks ing Tindak Turur Atur Panuwun

Pragmatik iku ilmu basa kang nyinaoni tumindak linguistik karo kontekse (Tarigan, 1985:6). Cummings (1999:5) nandhesake yen pragmatik ora bisa ditegesi kanthi jangkep yen kontekse ora disebutake. TTAP klebu perangan sing disinaoni ing pragmatik uga ora bisa diuwali karo konteks. Konteks yaiku sawijine donya kang diisi dening wong-wong sing ngasilake pocapan (Schiffrin, 2007:547). Parera (1990:120) njlentrehake yen konteks iku sawijine kahanan sing dumadi saka anane setting, kagiyanan, lan relasi. Mula saka kuwi bisa diarani konteks yen ngandhut telung perangan kasebut.

Konteks sosial ing TTAP menehi daya pangaribawa kang gedhe. Konteks sosial yaiku relasi sosio-kultural sing njangkepi sesambungan panutur karo mitratutur nalika omong-omongan (Mulyana, 2005:24). Konteks sajrone TTAP iki kaperang dadi telu yaiku struktur sosial, relasi sosial kahanan sosial lan norma sosial. Struktur sosial kuwi ngenani kalungguhane panutur lan mitratutur ing bebrayan. Nalika nindakake tumindak basa, kang dadi panutur lan mitratutur kudu ngerti ana struktur sosial kang ngronce tumindake, panganggone caturan lan interpretasi caturan saka mitratutur (Wijana, 1996:46). Dene relasi sosial yaiku sesambungan sosial antarane panutur lan mitratutur. Kahanan sosial bisa diperang dadi loro yaiku resmi lan ora resmi. Konteks kang pungkasan yaiku norma sosial kang minangka aturan utawa paugeran ing papan masyarakat kasebut.

Teori ing Panliten Iki

Teori sing digunakake ing panliten iki yaiku teori tindak turur. Dene teori tindak turur sing digunakake yaiku teori tindak turur Levinson. Levinson (sajrone Chaer, 2010:64) ngandharake yen tindak turur lan kasuntunan ditemtokake kanthi cara kontekstual, sosial, lan kultural sing jangkepe dadi skala (1) jarak sosial; (2) status sosial panutur lan mitratutur, lan (3) tindak turur utawa bobot imposisi.

METODHE

Jinise Panliten

Jinise panliten iki yaiku etnografis. Etnografi komunikasi sing disinaoni yaiku tindak turur sajrone prastawa turur lan munjerake konteks (Titscher, 2009:156). Etnografi komunikasi sing disinaoni yaiku pola-pola tumindak komunikasi sing bisa diamati lan direkam (Ibrahim, 1993:205). Fitch lan Philipsen (sajrone Titscher, 2009:150) nambahi yen etnografi komunikasi sing dirembug yaiku pola-pola tuturan adhedhasar tatacarane lan bisa nggambarake pola panguripan sosial

ing masyarakat tartamtu. Semono uga panliten iki bakal njlentrehake pola-pola lan tatacarane TTAP sing disambungake karo konteks uga sumber.

Sipate Panliten

Jinis panliten etnografi nduweni sipat-sipat kang mligi. Miturut Titscher (2009:152) sing ditengenake ing jinis panliten etnografi yaiku nalika panlti nglumpukake dhata. Jlentrehan dhata mung kanggo guna tambahan njlentrehake lapuran observasi. Panglumpuke dhata lan jlentrehan dhata nduweni gegayutan dialektif. Miturut Hammersley & Atkinson (sajrone Titscher, 2009:152) tegese gegayutan dialektif yaiku jlentrehan dhata dudu sawijine perangan kang kapisah karo panglumpuke dhata sajrone panliten. Panliten etnografis munjerake konteks kanggo njlentrehake dhata. Panliten iki uga asipat deskriptif yaiku ngandharake basa kanthi wujud ukara. Basa ing panliten iki didulu kanthi sinkronis yaiku basa sing nalika kuwi ditemokake.

Dhata lan Sumbere Dhata

Dhata sajrone panliten iki awujud ukara-ukara TTAP kang wis kasil kacathet sawise nyemak lan ngrekam warga Desa Dermosari, Kecamatan Tugu, Kabupaten Trenggalek. Ukara-ukara kacathet uga sinartan konteks sosial ing sacredhake. Dene sumbere dhata ing panliten iki asale saka rekaman alamiah warga lan cathetan-cathetan ngenani TTAP warga Desa Dermosari, Kecamatan Tugu, Kabupaten Trenggalek.

Instrumen Panliten

Instrumen panliten kang digunakake sajrone panliten iki ana loro yaiku instrumen utama lan instrumen panyengkuyung. Panlti ing panliten iki dadi instrumen utama. Panlti dadi instrumen utama amarga panlti kang nggolek dhata, nganalis dhata lan nulis panliten iki. Moleong (2002:19) ngandharake yen panlti sajrone nglumpukake dhata luwih akeh gumantung marang awake dhewe minangka piranti nglumpukake dhata. Panlti bisa mbiji sawijine kahanan lan nduwe kuwasa nemtokake samubarang. Dene instrumen panyengkuyung ing panliten iki awujud alat utawa piranti kang bisa nyengkuyung nglumpukake dhata. Piranti kuwi awujud cathetan lan piranti ngrekam kang ing kene panlti nggunakake aplikasi ing HP. Dene subjek kang dianggo sajrone panliten iki yaiku pawongan kang ngandharake konteks-konteks TTAP kang manggon ana ing Desa Dermosari, Kecamatan Tugu, Kabupaten Trenggalek.

Lokasi Panliten

Lokasi panliten iki dipilih ing Desa Dermosari, Kecamatan Tugu, Kabupaten Trenggalek kang cacah wargane ana 2832 jiwa. Pinilihe masyarakat Desa

Dermosari, Kecamatan Tugu, Kabupaten Trenggalek dadi objek panliten TTAP awit panliti minangka panutur lan warga asli papan kuwi. Kanthi dhasar ing ndhuwur panliti luwih ngerti konteks sosial ing masyarakat kuwi. Masyarakat ing papan kuwi nggunakake basa Jawa kanggo cecaturan padinan. Masyarakat Desa Dermosari, Kecamatan Tugu, Kabupaten Trenggalek dumadi saka saperangan golongan wiwit saka golongan wong sugih, wong mlarat, wong enom, wong tuwa, bocah, wong kang nduwe sesambungan paseduluran, kekancan nganti tangga kang raket lan ora raket. Pawongan masyarakat ing papan kuwi uga nduweni cara ngandharake atur panuwun kang beda-beda.

Tatacara Nglumpukake Dhata

Tatacara sing dianggo nglumpukake dhata panliten yaiku nggunakake metodhe semak lan metodhe wicara (Sudaryanto, 1986:62 lan 1988:2-9). Diarani metodhe semak awit cara sing digunakake kanggo ngolehake dhata yaiku kanthi cara nyemak pawongan sing nggunakake basa (Mahsun, 2005:92). Mahsun (2005:95) uga ngandharake yen metode wicara cara sing digunakake kanggo ngolehake dhata kanthi cara cecaturan antarane panliten karo informan lan subjek.

Metode semak ing kene dilakoni kanthi limang teknik yaiku teknik sadap, teknik semak mawa wicara, teknik semak tanpa wicara, teknik cathet lan teknik rekam. Metode liya sing digunakake yaiku metode wicara. Metode wicara ing kene kanthi teknik wawancara lan teknik pancing. Penganggone metode lan teknik-teknik ing ndhuwur dilarasake karo kahanane subjek panliten. Dhata sing dibutuhake ing panliten iki awujud lisan. Sawise kasil nglumpukake dhata banjur dhata kapilah-pilah miturut kontekse. Pamilaha dhata ing kene yaiku adhedhasar struktur sosial, relasi sosial lan kahanan sosial.

Tatacara Njlentrehake Dhata

Sawise dhata kang dikarepake wis mlumpuk, banjur dhata kuwi diolah kanthi metodhe kategoris, deskriptif lan distribusional. Metodhe kategoris yaiku njlentrehake dhata kanthi nemokake kategori lan tipe-tipe pocapan. Kategori-kategori pocapan saben basa nduweni guna kang beda, lan akeh-akehe diwatesi ing kahanan tartamtu, utawa nyangkutake watesan-watesan marang sapa sing ngandharake, utawa ing topik apa nalika pocapan diwedharake (Ibrahim, 1994:44).

Saka perangan struktur sosial umur kaperang dadi telu yaiku umur bocah (UB), umur enom (UE) lan umur tuwa (UT). Ing perangan jinis kelamin kaperang dadi loro yaiku jinis kelamin lanang (JKL) lan jinis kelamin wadon (JKW). Dene saka perangan struktur sosial ekonomi kaperang dadi telu yaiku status ekonomi

sosial cendhek (SESC), status ekonomi sosial sedheng (SESS), lan status ekonomi sosial dhuwur (SESD). Saka relasi sosial paseduluran dhewe kaperang dadi loro yaiku relasi paseduluran cedhak (RPC) lan relasi paseduluran adoh (RPA). Ing perangan relasi sosial tangga uga kaperang dadi loro yaiku relasi tangga cedhak (RTC) lan relasi tangga adoh (RTA). Relasi sosial kekancan diperang dadi loro yaiku relasi kekancan raket (RKR) lan relasi kekancan ora raket (RKO). Situasi sosial diperang dadi resmi lan ora resmi. Tandha kang digunakake matesi antarane struktur sosial, relasi sosial, kahanan sosiale panutur lan mitratutur yaiku (1.../2... – 3... :4...). Katrangan tandha kuwi yaiku (1) umur, jinis kelamin lan status ekonomi sosiale panutur; (2) umur, jinis kelamin lan status ekonomi sosiale mitratutur; (3) relasi sosial; (4) kahanan sosial.

Tatacara Nyuguhake Asil Jlentrehan Dhata

Ing panliten iki, tatacara nyuguhake asil saka njlentrehake dhata yaiku kanthi ngandharake asil jlentrehan dhata kang awujud lapuran observasi ngenani jinis-jenis TTAP ing masyarakat Desa Dermosari, Kecamatan Tugu, Kabupaten Trenggalek. Dhata-dhata kasebut bisa dijnjlentrehake kanthi metodhe informal (Sudaryanto, 1993:144). Dhata ing panliten iki mung nggunakake metodhe informal. Dene metodhe informal yaiku ngandharake dhata kanthi nggunakake basa. Dhasar sing digunakake yaiku lageyane panutur lan pananggape mitratutur kanthi landhesan sumber uga konteks sosial. Dhata sing wis digolongake banjur disuguhake kanthi jangkep antarane teks lan konteks. Teks arupa wedharan TTAP yaiku tumindak cecaturan antarane panutur lan mitratutur. Dene konteks sosial sing dijnjlentrehake kuwi ngenani struktur sosial, relasi sosial, norma sosial, lan kahanan sosial.

ANDHARAN LAN JLENTREHAN

Jinise Tindak Tutur Atur Panuwun Adhedhasar Lageyane Panutur

Ing subbab iki diandharake jinis TTAP adhedhasar lageyane panutur. TTAP adhedhasar lageyane panutur kena daya pangaribawa saka sumber. Sumber TTAP adhedhasar proses sosial diperang dadi loro yaiku pocapan lan solah bawa. Sumber TTAP isih diperang maneh adhedhasar jalarane yaiku mawa panjaluk lan tanpa panjaluk. Jinis TTAP adhedhasar lageyane panutur diperang dadi loro yaiku tatacarane panutur medharake lan tatacara sing digunakake panutur. Tatacarane medharake panutur diperang dadi loro yaiku blaka lan ora blaka. Dene tatacara sing digunakake panutur diperang dadi loro yaiku langsung lan ora langsung. Telung pamerang kuwi banjur ditempukake lan asile dadi nembelas jinis.

Tindak Tutur Atur Panuwun Blaka Langsung karana

Pocapan mawa Panjaluk

(1) P : Bu kula wangsul sekedhap mundhut buku.

MT : Iya, gek ndang mbalik.

P : Nggih. Matur nuwun.

MT : Ya.

Konteks: Mitratutur ngolehi panutur metu njupuk buku.

(UB-JKW-SESC/ UT-JKW-SESD – RTC: ora resmi)

Tuturan TTAP (1) dituturake dening panutur kanthi umur bocah, jinis kelamin wedok, lan status ekonomi sosial cendhek. Mitratutre kanthi umur tuwa, jinis kelamin wedok lan status ekonomi sosial dhuwur. Panutur lan mitratutur nduweni relasi tangga cedhak. Dene kahanan sosial ing tuturan kuwi yaiku kahanan ora resmi.

Panutur nindakake TTAP sawise mitratutur ngolehi panutur kang arep njupuk buku mula kalebu sumber pocapan diwenehi palilah. Kedadayan kuwi dumadi ing sekolah lan ditindakake dening murid marang gurune. Tatacara sing digunakake yaiku blaka lan langsung. Tatacara blaka kuwi dituduhake kanthi wujud tembung panandha *matur nuwun* tanpa ana abang-abang lambe. Wujud ukara ing TTAP kuwi yaiku ukara carita. Panutur nggunakake cara blaka awit ngadahi salah tampa. Umure panutur lan mitratutur kang beda adoh ndadekake panutur milih cara blaka awit anane rasa kurmat lan sungkan. Umur bocah lumrahe pance durung nduwe pikiran kanggo ngandharake TTAP kang mawa abang-abang lambe utawa ora blaka. Anane status ekonomi sosial kang beda adoh ndadekake panutur ngurmati mitratutur kanthi luwih dhuwur. TTAP kuwi kalebu cara langsung awit anggone medharake ora nggunakake sarana wong liya.

Tindak Tutur Atur Panuwun Blaka Langsung karana

Pocapan tanpa Panjaluk

(2) MT : Dhuwite wis tak transfer Dhik.

P : Ealah iya. Matur nuwun.

MT : Ya padha-padha.

Konteks: Mitratutur ngabari yen dhuwite panutur wis ditransfer.

(UE-JKL-SESC/ UT-JKW-SESD – RPC: ora resmi)

Tuturan TTAP (2) dituturake dening panutur kanthi umur enom, jinis kelamin lanang, lan status ekonomi sosial cendhek. Mitratutre kanthi umur tuwa, jinis kelamin wedok lan status ekonomi sosial dhuwur. Panutur lan mitratutur nduweni relasi paseduluran cedhak.

Dene kahanan sosial ing tuturan kuwi yaiku kahanan ora resmi.

Sumber saka TTAP kuwi kalebu pocapan menehi kabar awit mitratutur ngabari panutur yen dhuwite panutur wis ditransfer. Kedadayan kuwi dumadi ing dalan. Tatacara sing digunakake yaiku blaka lan langsung. TTAP diwujudake kanthi tembung panandha *matur nuwun*. Wujud ukara ing TTAP kuwi yaiku ukara carita. TTAP kuwi uga nggunakake cara langsung awit anggone medharake ora nggunakake sarana wong liya nanging langsung marang wong sing dituju. Panutur nggunakake cara blaka awit nduweni karakteran ing sesambungan paseduluran.

Tindak Tutur Atur Panuwun Blaka Langsung karana

Solah Bawa mawa Panjaluk

(3) P : Mbah, aku njaluk segane nggo Raka ya.

MT : Iya, njupuka dhewe Mbok.

P : Uwis Mbah. Suwun.

MT : Iya.

Konteks: Panutur ngolehi mitratutur sing njaluk sega.

(UT-JKW-SESS/ UT-JKW-SESS – RPC: ora resmi)

Tuturan TTAP (3) dituturake dening panutur kanthi umur tuwa, jinis kelamin wedok lan status ekonomi sosial sedhengan. Mitratutre kanthi umur tuwa, jinis kelamin wedok, lan status ekonomi sosial sedhengan. Panutur lan mitratutur nduweni relasi paseduluran cedhak. Dene kahanan sosial ing tuturan kuwi yaiku kahanan ora resmi.

Panutur nindakake TTAP sawise dheweke diolehake njaluk sega. Mula saka kuwi sumber ing tuturan (3) kalebu sumber solah bawa diwenehi barang. Tatacara sing digunakake yaiku blaka lan ora langsung. Tatacara blaka kuwi dituduhake kanthi wujud ukara carita. TTAP kuwi kalebu blaka awit ana tembung panandha *suwun*. Wujud ukara ing TTAP kuwi yaiku ukara carita. Panutur nggunakake cara blaka awit ngadahi anane salah tampa. TTAP kuwi kalebu nggunakake cara ora langsung awit panutur anggone medharake TTAP ora nggunakake sarana wong liya. Kanthi dasar relasi paseduluran cedhak mula panutur luwih ora nuduhake kurmate kanthi dhuwur.

Tindak Tutur Atur Panuwun Blaka Langsung karana

Solah Bawa tanpa Panjaluk

(4) P : Bu, mangsulaken pulpen. Matur suwun.

MT : Ya, padha-padha.

Konteks: Panutur mbalekake polpen marang mitratutur.

(UB-JKL-SESC/ UT-JKW-SESD – RTA: ora resmi)

Tuturan TTAP (4) dituturake dening panutur kanthi umur bocah, jinis kelamin lan status ekonomi sosial cendhek. Mitratutute kanthi umur tuwa, jinis kelamin wedok, lan status ekonomi sosial dhuwur. Panutur lan mitratutur nduweni relasi tangga adoh. Dene kahanan sosial ing tuturan kuwi yaiku kahanan ora resmi.

Panutur nindakake TTAP sawise mitratutur nyilihi pulpen. Mitratutur sawise rampung nggawe banjur mbalekake pulpen kuwi marang mitratutur. Mula saka kuwi sumber ing tuturan (4) kalebu sumber solah bawa diwenehi barang. Kedadeyan kuwi dumadi ing sekolahane. Tatacara sing digunakake yaiku blaka lan langsung. Tatacara blaka kuwi dituduhake kanthi wujud tembung panandha *matur suwun* tanpa ana abang-abang lambe. Wujud ukara ing TTAP kuwi yaiku ukara carita. Panutur nggunakake cara blaka awit ngadahi salah tampa. Status ekonomi sing diduweni panutur luwih cendhek tinimbang mitratutur ndadekake panutur milih cara blaka awit anane rasa kurmat lan sungkan. Panutur nggunakake basa krama inggil awit pengin ngurmati mitratutur sing kalebu status ekonomi sosiale luwih dhuwur. Anane relasi tangga adoh kuwi uga dadi alasane panutur nggunakake basa krama inggil marang mitratutur. TTAP kuwi kalebu nggunakake cara langsung awit anggone medharake ora nggunakake sarana wong liya.

Tindak Tutur Atur Panuwun Blaka ora Langsung karana Pocapan mawa Panjaluk

(5) MT : Bu Lastri dhewe Mbah. Sida bareng apa ora?

P : Iya sida. Nyatu ora enek sing ngeterne lo engko. Aturna lek aku matur suwun ya.

MT : Iya Mbah.

Konteks: Panutur dikabari yen tanggane sing jenenge Bu Lastri isa mbarengi yasinan. Sadurunge panutur njaluk tulung marang Bu Lastri nanging mung disemayani.

(UT-JKW-SESS/ UT-JKW-SESD – RTC: ora resmi)

Tuturan TTAP (5) dituturake dening panutur kanthi umur tuwa, jinis kelamin wedok lan status ekonomi sosial sedhengan. Mitratutute kanthi umur tuwa, jinis kelamin wedok lan status ekonomi sosial dhuwur. Panutur lan mitratutur nduweni relasi tangga cedhak. Dene kahanan sosial ing tuturan kuwi yaiku kahanan ora resmi.

Ing tuturan (5) panutur nindakake TTAP sawise mitratutur menehi kabar yen tanggane isa mbarengi. Mula saka kuwi sumber ing tuturan (5) kalebu sumber pocapan diwenehi kabar. Kedadeyan kuwi dumadi ing omahe panutur. Tatacara sing digunakake yaiku blaka mawa abang-abang lambe lan ora langsung. Tatacara blaka mawa abang-abang lambe kuwi dituduhake kanthi wujud tembung panandha *matur niuwun*. Ing tuturan (6) panutur nggunakake cara kasantunan negatif yaiku kanthi nyebutake sumber. Wujud ukara TTAP kalebu ukara carita lan ukara pitakon. TTAP kuwi kalebu nggunakake cara ora langsung awit anggone medharake nggunakake sarana wong liya.

abang-abang lambe lan ora langsung. Tatacara blaka tanpa abang-abang lambe kuwi dituduhake kanthi wujud tembung panandha *matur suwun*. Wujud ukara TTAP kalebu ukara carita lan ukara pitakon. TTAP kuwi kalebu nggunakake cara ora langsung awit anggone medharake nggunakake sarana wong liya.

Tindak Tutur Atur Panuwun Blaka ora Langsung karana Pocapan tanpa Panjaluk

(6) MT : Lik ngendikane Bu Siti mbenjing yasinane libur.

P : Ealah iya War. Omongna Mbak Siti matur nuwun wis dikabari.

MT : Iya Lik.

Konteks: Panutur dikabari yen yasinan libur.

(UT-JKW-SESS/ UT-JKW-SESD – RTC: ora resmi)

Tuturan TTAP (6) dituturake dening panutur kanthi umur tuwa, jinis kelamin wedok lan status ekonomi sosial sedhengan. Mitratutute kanthi umur tuwa, jinis kelamin wedok lan status ekonomi sosial cendhek. Panutur lan mitratutur nduweni relasi tangga cedhak. Dene kahanan sosial ing tuturan kuwi yaiku kahanan ora resmi.

Ing tuturan (6) panutur nindakake TTAP sawise mitratutur menehi kabar yen yasinan libur. Mula saka kuwi sumber ing tuturan (6) kalebu sumber pocapan diwenehi kabar. Kedadeyan kuwi dumadi ing omahe panutur. Tatacara sing digunakake yaiku blaka mawa abang-abang lambe lan ora langsung. Tatacara blaka mawa abang-abang lambe kuwi dituduhake kanthi wujud tembung panandha *matur niuwun*. Ing tuturan (6) panutur nggunakake cara kasantunan negatif yaiku kanthi nyebutake sumber. Wujud ukara TTAP kalebu ukara carita lan ukara pitakon. TTAP kuwi kalebu nggunakake cara ora langsung awit anggone medharake nggunakake sarana wong liya.

Tindak Tutur Atur Panuwun Blaka ora Langsung karana Solah Bawa mawa Panjaluk

(7) P : Luh, Ibu enek? Mbalekne mixer.

MT : Metu Mbak. Sampeyan seleh kono ae.

P : Yawis tak dekek kene ya. Aturna Ibu matur suwun.

MT : Iya Mbak.

Konteks: Panutur mbalekake mixer sing wis disilih sadurunge.

(UT-JKW-SESD/ UE-JKW-SESC – RTC: ora resmi)

Tuturan TTAP (7) dituturake dening panutur kanthi umur tuwa, jinis kelamin wedok lan status ekonomi

sosial dhuwur. Mitratutur kanthi umur enom, jinis kelamin wedok, lan status ekonomi sosial cendhek. Panutur lan mitratutur nduweni relasi tangga cedhak. Dene kahanan sosial ing tuturan kuwi yaiku kahanan ora resmi.

Panutur nindakake TTAP sawise dheweke mbalekake mixer. Sadurunge, panutur disilihi mixer lan dina kuwi dheweke mbalekake mixer ing omahe mitratutur. Mula saka kuwi sumber ing tuturan (7) kalebu sumber solah bawa diwenehi barang. Tatacara sing digunakake yaiku blaka lan ora langsung. Tatacara blaka kuwi dituduhake kanthi wujud ukara pakon. Ukara pakon kuwi isine ngongkon mitratutur supaya ngandhakake atur panuwune marang ibune mitratutur. TTAP kuwi kalebu blaka awit ana tembung panandha *matur suwun* ing njero ukara pakon kuwi. Panutur nggunakake cara blaka awit ngadahi anane salah tampa. TTAP kuwi kalebu nggunakake cara ora langsung awit panutur anggone medharake TTAP nggunakake sarana wong liya. Senadyan nduweni beda umur lan beda status ekonomi sosial nanging mitratutur nggunakake basa ngoko awit nduweni sesambungan tangga kang cedhak.

Tindak Tutur Atur Panuwun Blaka ora Langsung karana Solah Bawa tanpa Panjaluk

- (8) MT : Pak jajan saking ibuk.
P : Ya. Aturna ibuk matur suwun!
MT : Nggih
Konteks: Panutur diwenehi jajan dening ibuke mitratutur.
(UT-JKL-SESD/ UB-JKW-SESC – RTA: ora resmi)

Tuturan TTAP (8) dituturake dening panutur kanthi umur tuwa, jinis kelamin lanang lan status ekonomi sosial dhuwur. Mitratutre kanthi umur bocah, jinis kelamin wedok, lan status ekonomi sosial cendhek. Panutur lan mitratutur nduweni relasi tangga adoh. Dene kahanan sosial ing tuturan kuwi yaiku kahanan ora resmi.

Panutur nindakake TTAP sawise dheweke diwenehi jajan. Kedadeyan kuwi dumadi ing sekolah. Panutur diwenehi jajan dening ibune mitratutur lan diwenehake lumantar mitratutur. Mula saka kuwi sumber ing tuturan (8) kalebu sumber solah bawa diwenehi barang. Tatacara sing digunakake yaiku blaka lan ora langsung. Tatacara blaka kuwi dituduhake kanthi wujud ukara pakon. Ukara pakon kuwi isine ngongkon mitratutur supaya ngandhakake atur panuwune marang ibune mitratutur sawise diwenehi jajan. TTAP kuwi kalebu blaka awit ana tembung panandha *matur suwun* ing njero ukara pakon kuwi tanpa ana abang-abang lambe. Panutur nggunakake cara blaka awit ngadahi anane salah tampa. TTAP kuwi kalebu nggunakake cara ora langsung awit

panutur anggone medharake TTAP nggunakake sarana wong liya.

Tindak Tutur Atur Panuwun ora Blaka Langsung karana Pocapan mawa Panjaluk

- (9) P : Kuncine tak seleh meja ya Mbak.
MT : Ya. Gek Bapake Dinda maeng wis tekan sekolahana apa durung?
P : Durung Mbak. Bote sampeyan maeng urung budhal jajal lek wis budhal.
Sepurane ngrepoti Mbak.
MT : Iya iki mau bote aku ya ora mlebu.
Ora apa-apa.
Konteks: Panutur diolehi nyilih montore mitratutur.
(UT-JKW-SESD/ UT-JKW-SESD – RPC: ora resmi)

Tuturan TTAP (9) dituturake dening panutur kanthi umur tuwa, jinis kelamin wedok lan status ekonomi sosial dhuwur. Mitratutre kanthi umur tuwa, jinis kelamin wedok lan status ekonomi sosial dhuwur. Panutur lan mitratutur nduweni relasi paseduluran cedhak. Dene kahanan sosial ing tuturan kuwi yaiku kahanan ora resmi.

Ing tuturan (9) panutur nindakake TTAP sawise mitratutur ngolehi nggawa montore. Mula saka kuwi sumber ing tuturan (9) kalebu sumber pocapan ngilani. Kedadeyan kuwi dumadi ing omahe mitratutur. Tatacara sing digunakake yaiku ora blaka langsung. Panutur nindakake TTAP ora blaka kanthi nggedhek-nggedhekake kabecikan sing ditindakake mitratutur. Wujud ukara TTAP kalebu ukara carita lan ukara pepindhan. TTAP iki ditindakake kanthi langsung awit anggone medharake ora nggunakake sarana wong liya.

Tindak Tutur Atur Panuwun Ora Blaka Langsung karana Pocapan tanpa Panjaluk

- (10) MT : Yu dhuwite kula titipne Mbah.
P : Hoalah Mbak mbak ngrepoti,
mandhak ngono ae kapan-kapan ora apa-apa.
MT : Hlah selak lali kok.
Konteks: Mitratutur ngabari yen dhuwit opah setlikane panutur dititipne neng Mbah.
(UT-JKW-SESC/ UT-JKW-SESD – RTC: ora resmi)

Tuturan TTAP (10) dituturake dening panutur kanthi umur tuwa, jinis kelamin wedok lan status ekonomi sosial cendhek. Mitratutre kanthi umur tuwa, jinis kelamin wedok lan status ekonomi sosial dhuwur. Panutur lan mitratutur nduweni relasi tangga cedhak. Dene kahanan sosial ing tuturan kuwi yaiku kahanan ora resmi.

Ing tuturan (10) panutur nindakake TTAP sawise mitratutur ngabari yen opah setlikane mitratutur wis dititipake ibune. Mula saka kuwi sumber ing tuturan (10)

kalebu sumber pocapan diwenehi kabar. Kedadeyan kuwi dumadi ing dalam. Tatacara sing digunakake yaiku ora blaka langsung. Panutur nindakake TTAP ora blaka kanthi ngluwih-ngluwhiake tumindake mitratutur, ngasorake utawa nyepelakake panutur dhewe lan nggunakake kontradiksi. Wujud ukara TTAP kalebu ukara carita lan ukara pakon. TTAP iki ditindakake kanthi langsung awit anggone medharake ora nggunakake sarana wong liya.

Tindak Tutur Atur Panuwun Ora Blaka Langsung karana Solah Bawa mawa Panjaluk

- (11) P : Sepurane ya Mbak mung isa menehi sethitik. Malah oleh kesel thok.
MT : Owalah napa lo. Kula sing matur suwun.
P : Lemah teles ya Mbak.
MT : Alah inggih.

Konteks: Panutur nindakake TTAP sawise direwangi mitratutur.

(UT-JKW-SESD/ UE-JKW-SESS – RKR: ora resmi)

Tuturan TTAP (11) dituturake dening panutur kanthi umur tuwa, jinis kelamin wedok lan status ekonomi sosial dhuwur. Mitratutre kanthi umur enom, jinis kelamin wedok lan status ekonomi sosial sedhengan. Panutur lan mitratutur nduweni relasi tangga cedhak. Dene kahanan sosial ing tuturan kuwi yaiku kahanan ora resmi.

Ing tuturan (11) panutur nindakake TTAP sawise mitratutur ngrewangi. Mula saka kuwi sumber ing tuturan (11) kalebu sumber solah bawa diwenehi pitulungan tenaga. Kedadeyan kuwi dumadi ing omahe panutur. Tatacara sing digunakake yaiku ora blaka langsung. Panutur nindakake TTAP ora blaka kanthi ngluwih-ngluwhiake tumindake mitratutur, ngasorake utawa nyepelakake panutur dhewe lan nggunakake metafora. Wujud ukara TTAP kalebu ukara carita lan ukara panjaluk. TTAP iki ditindakake kanthi langsung awit anggone medharake ora nggunakake sarana wong liya.

Tindak Tutur Atur Panuwun ora Blaka Langsung karana Solah Bawa tanpa Panjaluk

- (12) MT : Sesuk wis mbalik ta Le?
P : Uwis Mak.
MT : Yawis iki nggo tuku pulsa.
P : Hlah, apa lo Mak ngono ae kok.
MT : Nyapo ta. Ayo gek terna neng Nglongsor sik Le.
Konteks: Panutur disangoni dening mitratutur minangka Mbahé dhewe.
(UE-JKL-SESC/ UT-JKW-SESS – RPC: ora resmi)

Tuturan TTAP (12) dituturake dening panutur kanthi umur enom, jinis kelamin lanang lan status ekonomi sosial cendhek. Mitratutre kanthi umur tuwa, jinis kelamin wedok lan status ekonomi sosial sedhengan. Panutur lan mitratutur nduweni relasi paseduluran cedhak. Dene kahanan sosial ing tuturan kuwi yaiku kahanan ora resmi.

Ing tuturan (12) panutur nindakake TTAP sawise mitratutur menehi sangu. Mula saka kuwi sumber ing tuturan (12) kalebu sumber solah bawa diwenehi dhuwit. Kedadeyan kuwi dumadi ing omahe panutur. Tatacara sing digunakake yaiku ora blaka langsung. Panutur nindakake TTAP ora blaka kanthi ngasorake panutur dhewe lan nggunakake kontradiksi karo karepe mitratutur. Wujud ukara TTAP kalebu ukara carita. TTAP iki ditindakake kanthi langsung awit anggone medharake ora nggunakake sarana wong liya.

Tindak Tutur Atur Panuwun ora Blaka ora Langsung karana Pocapan mawa Panjaluk

- (13) MT : Mbak Las jarene ibuk montore wis teka. Oleh sampeyan gawa saiki.
P : Owalah iya. Suwun ya Yu. Sepurane nek ngrepoti Ibu. Sampeyan omongne ya.
MT : Iya Mbak.
Konteks: Panutur dikabari yen montor sing arep disilih wis teka.
(UT-JKW-SESD/ UE-JKL-SESC – RTC: ora resmi)

Tuturan TTAP (13) dituturake dening panutur kanthi umur tuwa, jinis kelamin wedok lan status ekonomi sosial dhuwur. Mitratutre kanthi umur enom, jinis kelamin lanang lan status ekonomi sosial cendhek. Panutur lan mitratutur nduweni relasi tangga cedhak. Dene kahanan sosial ing tuturan kuwi yaiku kahanan ora resmi.

Ing tuturan (13) panutur nindakake TTAP sawise mitratutur ngabari lan nglilani. Mula saka kuwi sumber ing tuturan (13) kalebu sumber pocapan diwenehi kabar lan palilah. Kedadeyan kuwi dumadi ing omahe panutur. Panutur nindakake TTAP ora blaka kanthi njaluk pangapura. Wujud ukara TTAP kalebu ukara panjaluk lan ukara pakon. TTAP iki kanthi sarana wong liya.

Tindak Tutur Atur Panuwun ora Blaka ora Langsung karana Pocapan tanpa Panjaluk

- (14) MT : Pak diutus bu Yati mangke kapurih rawuh teng daleme bibar isya akikah.
P : Oalah kok dadak repot-repot bu Yati ke. Wayahe pra ya pas neng sekolahae. Sampeyan omongne Mas.
MT : Halah mboten napa-napa. Nggih mpun

Pak.
P : Ya Mas matur nuwun.
MT : Nggih.

Konteks: Panutur ngongkon ngucapake atur panuwun lumantar wong katelu sawise diundang. (UT-JKL-SESD/ UE-JKL-SESS – RTA: ora resmi)

Tuturan TTAP (14) dituturake dening panutur kanthi umur tuwa, jinis kelamin lan status ekonomi sosial dhuwur. Mitratutur kanthi umur enom, jinis kelamin lanang lan status ekonomi sosial sedhengan. Panutur lan mitratutur nduweni relasi tangga adoh. Dene kahanan sosial ing tuturan kuwi yaiku kahanan ora resmi.

Ing tuturan (14) panutur nindakake TTAP sawise mitratutur ngundang. Mula saka kuwi sumber ing tuturan (14) kalebu sumber pocapan diwenehi pangundang. Kedadeyan kuwi dumadi ing omahe panutur. Panutur nindakake TTAP ora blaka kanthi nggedhek-nggedhekake kabecikan sing ditindakake mitratutur lan nggunakake kontradiksi. Wujud ukara TTAP kalebu ukara carita lan ukara pakon. TTAP iki kanthi sarana wong liya.

Tindak Tutur Atur Panuwun ora Blaka ora Langsung karana Solah Bawa mawa Panjaluk

(15) MT : Mbak Las, iki tomate wis teka dikongkon ibuk.
P : Hoalah omonga bu Sini ngono ae dadak diterne.
Sik dhuwite titip pisan.
MT : Ya mbak Las.

Konteks: Panutur diteri tomat sing sadurunge mung njaluk dikabari malah diterne satome. (UT-JKW-SESD/ UE-JKW-SESS – RTC: ora resmi)

Tuturan TTAP (15) dituturake dening panutur kanthi umur tuwa, jinis kelamin wedok lan status ekonomi sosial dhuwur. Mitratutur kanthi umur enom, jinis kelamin wedok lan status ekonomi sosial sosial. Panutur lan mitratutur nduweni relasi tangga cedhak. Dene kahanan sosial ing tuturan kuwi yaiku kahanan ora resmi.

Ing tuturan (15) panutur nindakake TTAP sawise mitratutur menehi tomat. Mula saka kuwi sumber ing tuturan (15) kalebu sumber solah bawa diwenehi barang lan tenaga. Kedadeyan kuwi dumadi ing omahe panutur. Tatacara sing digunakake yaiku ora blaka ora langsung. Panutur nindakake TTAP ora blaka kanthi nggedhek-nggedhekake kabecikan sing ditindakake mitratutur. Wujud ukara TTAP kalebu ukara carita lan ukara pakon. TTAP iki ditindakake kanthi ora langsung awit anggone medharake nggunakake sarana wong liya.

Tindak Tutur Atur Panuwun ora Blaka ora Langsung karana Solah Bawa tanpa Panjaluk

(16) MT : Pak diutus ibuk.

P : Hlah apa lo Mas iki.
MT : Duka ibuk
P : Ya Allah athik dadak ngene lo bu Las ke. Sampeyan aturne bu Las kok dadak ngene barang ki nyapo.

MT : He nggih. Mpun mangga Pak.
P : Suwun Mas.
Konteks: Panutur diteri jajan dening mitratutur. (UT-JKL-SESD/ UE-JKL-SESC – RTA: ora resmi)

Tuturan TTAP (16) dituturake dening panutur kanthi umur tuwa, jinis kelamin lanang lan status ekonomi sosial dhuwur. Mitratutur kanthi umur enom, jinis kelamin lanang lan status ekonomi sosial cendhek. Panutur lan mitratutur nduweni relasi tangga adoh. Dene kahanan sosial ing tuturan kuwi yaiku kahanan ora resmi.

Ing tuturan (16) panutur nindakake TTAP sawise mitratutur menehi jajan. Mula saka kuwi sumber ing tuturan (16) kalebu sumber solah bawa diwenehi barang. Kedadeyan kuwi dumadi ing omahe panutur. Tatacara sing digunakake yaiku ora blaka ora langsung. Panutur nindakake TTAP ora blaka kanthi takon lan nggedhek-nggedhekake kabecikan sing ditindakake mitratutur. Wujud ukara TTAP kalebu ukara carita, ukara pitakon lan ukara pakon. TTAP iki ditindakake kanthi ora langsung awit anggone medharake nggunakake sarana wong liya.

Jinise Tindak Tutur Atur Panuwun Adhedhasar Pananggape Mitratutur

Panutur sawise nindakake TTAP banjur ditanggapi dening mitratutur. Pananggape mitratutur kuwi bisa katampa, ora katampa nanging ora katampik lan katampik. Dhasar kanggo meruhi pananggape mitratutur yaiku saka lageyane panutur. TTAP kang katampa yaiku pananggape mitratutur kang sarujuk lan nampa lageyane panutur. TTAP kang ora katampa nanging ora katampik yaiku pananggape mitratutur kang ora jelas katampa utawa katampike tumrap lageyane panutur. Dene TTAP katampik yaiku pananggape mitratutur sing nampik lan selak tumrap lageyane panutur.

Asile Panliten

Lageyane panutur ditemtokake dening sumber. Sumbere TTAP adhedhasar proses sosial diperang dadi loro yaiku pocapan lan solah bawa. Sumber kang karana solah bawa yaiku kanthi diwenehi barang, diwenehi dhuwit lan diwenehi pitulungan tenaga. Dene sumber karana pocapan sing ditemokake yaiku dikabari, diundang, dililani, didongakake, didudohi, diaturi pambagyaharja, dituturi lan dielem. Kabeh pocapan kuwi uga awujud diwenehi.

Sumber awujud diwenehi samubarang isih diperang dadi loro adhedhasar jalarane yaiku mawa

panjaluk lan tanpa panjaluk. Lageyane panutur kang sumbere diwenehi mawa panjaluk akeh-akehe yaiku blaka lan langsung. TTAP blaka isih diperang maneh dadi loro yaiku blaka tanpa abang-abang lambe lan blaka mawa abang-abang lambe. Abang-abang lambe sing digunakake panutur yaiku nggedhek-nggedhekake kedadeyan, nyebutake sumber, nggunakake celukan mligi, njaluk pangapura lan ngupayakake pasarujukan. Dene lageyane panutur kang sumbere diwenehi tanpa panjaluk akeh-akehe yaiku blaka, ora blaka, langsung lan ora langsung. Tatacara blaka isih diperang maneh dadi loro yaiku blaka tanpa abang-abang lambe lan blaka mawa abang-abang lambe. Abang-abang lambe sing digunakake panutur yaiku nggedhek-nggedhekake kedadeyan, nyebutake sumber, nggunakake celukan mligi, njaluk pangapura, ngupayakake pasarujukan, nggedhekake rasa welas, takon, andhap asor, nggatekake kasenengan, nggunakake guyanonan, lan nglakoni tumindak ora ngajeni. Dene TTAP ora blaka sing digunakake yaiku ngluwihi-nluwihihake tumindake mitratutur, ngasorake utawa nyepelakake panutur dhewe, nggunakake kontradiksi, takon, negesake tumindake mitratutur, ndongakake mitratutur lan nggedhek-nggedhekake kabecikan mitratutur.

TTAP blaka tanpa abang-abang lambe kerep digunakake panutur sing nduweni relasi sosial utawa sesambungan sosial cedhak lan raket. Relasi sosial kang raket utawa cedhak ing panliten iki yaiku sedulur cedhak, kanca raket, lan tangga cedhak. TTAP blaka tanpa abang-abang lambe iki nduweni drajat kasantunan kang cendhek. Panutur nggunakake cara blaka ing kahanan ora resmi. Lumrahe cara blaka iki ditindakake panutur nalika pengin nindakake formalitas norma sosial kurmat lan supaya mitratutur ora salah tampa.

TTAP blaka mawa abang-abang lambe kerep digunakake status ekonomi sosial kang luwihi cendhek kanggo ngurmati mitratutur kang nduweni status ekonomi sosial kang luwihi dhuwur. Dene panutur sing nduweni status ekonomi sosial kang luwihi dhuwur nggunakake cara iki kanggo ngregani lan ngupaya ngraketake sesambungan karo mitratutur kang status ekonomi sosiale luwihi cendhek. Panutur kanthi umur enam lan umur tuwa kang kerep nggunakake cara iki. Panutur wedok luwihi akeh nggunakake cara iki tinimbang panutur lanang. Panutur wadon kerep nggunakake tembung *howalah, owalah, healah, lah, hlah, weh* kanggo miwiti TTAP. Saliyane digunakake ing kahanan ora resmi, cara iki uga kerep digunakake ing kahanan ora resmi dening panutur.

TTAP ora blaka digunakake dening panutur kanthi umur enam lan tuwa. Mokal yen panutur kanthi umur bocah nindakake TTAP kanthi cara iki awit isih durung cetha. TTAP ora blaka digunakake dening panutur lan mitratutur kang nduweni relasi sosial raket utawa cedhak. Relasi sosial raket utawa cedhak kuwi yaiku

kanca raket, tangga cedhak lan sedulur cedhak. Mitratutur kang nduweni sesambungan raket lan cedhak bakal ngerti apa sing dikarepake panutur. Panutur uga ora nggunakake cara iki ing kahanan resmi. Panutur sing nindakake cara ora blaka iki percaya yen mitratutur bakal ngerti apa sing dikarepake lan ora meksa mitratutur. Bab iki cundhuk karo panemune.

Panutur luwihi akeh nindakake TTAP kanthi langsung. Dene TTAP ora langsung akeh-akeh sumbere karana tanpa panjaluk. TTAP iki kerep digunakake dening panutur kang nduweni status ekonomi sosial luwihi dhuwur tinimbang mitratutur. TTAP ora langsung uga ditindakake panutur kang umure enam lan tuwa. Mokal yen TTAP ora langsung ditindakake panutur umur bocah.

Jinis TTAP adhedhasar pananggape mitratutur ana telu yaiku TTAP kang katampa, ora katampa nanging ora katampik lan katampik. TTAP adhedhasar pananggape mitratutur kuwi ditemtokake dening lageyane panutur. Panutur kang nggunakake cara blaka tanpa abang-abang lambe saperangan gedhe ditampa dening mitratutur. Panutur kang nggunakake cara blaka mawa abang-abang lambe bisa katampa, ora katampa nanging ora katampik lan katampik dening mitratutur gumantung abang-abang lambene. Lageyane panutur kang katampa lumrahe nggunakake abang-abang lambe ngupaya ndadekake mitratutur sarujuk, nggunakake celukan mligi, lan nyebutake sumber kabecikan. Lageyane panutur kang ora katampa nanging ora katampik lumrahe nggunakake abang-abang lambe ngluwihi-nluwihihake lan nyebutake kabecikan. Lageyane panutur kang katampik lumrahe nggunakake cara mawa abang-abang lambe njaluk pangapura, nggedhek-nggedhekake kedadeyan, nggedhek-nggedhekake rasa welas, nglakoni tumindak ora ngajeni, menehi pakurmatan lan ngasorake awake dhewe. Mitratutur bakal rumangsa ora andhap asor yen nganti nampa TTAP kuwi. TTAP ora blaka kang isine nggedhek-nggedhekake mitratutur lan ngasorake panutur genah yen bakal katampik dening miratutur. TTAP ora blaka bisa ditanggapi kanthi katampik lan ora katampa nanging ora katampik. TTAP kang kaya mangkene iki malah bakal nerak norma sosial yen nganti ditampa dening mitratutur. Mitratutur nggunakake cara *kinesik* nalika nampa utawa nampik TTAP nalika panutur omong ing kahanan resmi. Mitratutur kang nampa utawa nampik TTAP nggunakake cara verbal nalika panutur omong ing kahanan resmi bakal nerak norma sosial, kajaba panutur menehake wewenang nanggapi marang mitratutur. TTAP kang katampik lumrahe ditindakake mitratutur sing nduweni status ekonomi sosial dhuwur, relasi sosial cedhak, umur enam lan umur tuwa. TTAP kang ora katampa nanging ora katampik ditindakake mitratutur kang nduweni umur enam, umur tuwa, relasi sosial cedhak. Dene TTAP kang katampa ditindakake mitratutur kang nduweni status

ekonomi sosial cendhek, relasi sosial adoh, relasi sosial cedhak lan umur bocah. Panliten iki uga ngasilake anane ukara atur panuwun kang ukarane bisa awujud tembung, frasa lan klausia. Dene teks ing TTAP ditemtokake dening konteks.

PENUTUP

Dudutan

Lageyane panutur ditemtokake sumber. Kabeh sumbere TTAP kuwi awujud pawenehan. Sumber kang awujud diwenehi samubarang diperang dadi loro adhedhasar jalarane yaiku mawa panjaluk lan tanpa panjaluk. Lageyane panutur kang sumbere diwenehi mawa panjaluk yaiku blaka lan langsung. Panutur kang diwenehi mawa panjaluk akeh-akeh nemoni lan nindakake TTAP kanthi cara langsung. Denelageyane panutur kang sumbere diwenehi tanpa panjaluk yaiku blaka, ora blaka, langsung lan ora langsung. Mitratutur menehi panutur bisa ditindakake langsung utawa nggunakake sarana wong liya. Abang-abang lambe sing digunakake panutur ing TTAP blaka tanpa panjaluk luwih akeh tinimbang abang-abang lambe sing digunakake panutur ing TTAP blaka mawa panjaluk. Kabeh abang-abang lambe ing TTAP blaka mawa panjaluk uga ditemoni ing TTAP blaka tanpa panjaluk nanging abang-abang lambe TTAP blaka tanpa panjaluk ora kabeh ditemoni ing TTAP blaka mawa panjaluk. TTAP kanthi langsung uga luwih akeh ditindakake panutur tinimbang TTAP kanthi ora langsung. TTAP blaka uga akeh dikandhakake kanthi langsung.

Pananggape mitratutur ditemtokake Lageyane panutur. Panutur kang nggunakake cara blaka tanpa abang-abang lambe mesti katampa dening mitratutur. Panutur kang nggunakake cara blaka mawa abang-abang lambe bisa katampa, ora katampa nanging ora katampik lan katampik dening mitratutur gumantung abang-abang lambene. TTAP ora blaka kang isine nggedheknnggedhekkake mitratutur lan ngasorake panutur genah yen bakal ditampik dening miratutur. TTAP kang kaya mangkene iki malah bakal nerak norma sosial yen nganti ditampa dening mitratutur. Mitratutur nampa utawa nampik kanthi kinesik nalika panutur nindakake TTAP ing kahanan resmi.

Struktur sosial, relasi sosial, norma sosial lan kahanan sosial menehi daya pangaribawa tumrap TTAP. Umur bocah mesti nindakake TTAP blaka lan mokal nindakake TTAP ora blaka. Umur enom lan tuwa nindakake TTAP blaka lan TTAP ora blaka. Jinis kelamin wedok luwih kerep nindakake TTAP tinimbang jinis kelamin lanang. TTAP blaka ditindakake dening panutur kang nduweni relasi sosial cedhak lan relasi sosial adoh karo mitratutur. Dene TTAP ora blaka mesti ditindakake panutur sing nduweni relasi sosial cedhak. TTAP blaka ditindakake dening panutur kang nduweni status ekonomi

sosial kang luwih cendhek marang mitratutur kang nduweni status ekonomi sosial kang luwih dhuwur. TTAP blaka tanpa abang-abang lambe lan ora blaka mokal digunakake ing kahanan resmi. TTAP ora blaka akeh ditindakake dening panutur kang nduweni status ekonomi sosial kang luwih dhuwur marang sangisore lan kang nduweni status ekonomi sosial kang padha. Ing kahanan resmi panutur mesti nggunakake TTAP blaka mawa abang-abang lambe. Norma sosial ing Desa Dermosari, Kecamatan Tugu, Kabupaten Trenggalek sing menehi daya pangaribawa tumrap TTAP yaiku andhap asor, tepa slira, empan papan lan kurmat. Teks ditemtokake dening konteks.

Pamrayoga

Panliten ngenani TTAP adhedhasar Lageyan lan pananggape mitratutur kanthi lelandhesan sumber, struktur sosial, relasi sosial, norma sosial uga kahanan sosial isih akeh kang durung ditliti kanthi jeru. Dhata sing kurang jangkep lan bab-bab liya njalari panliten iki isih adoh saka tembung sampurna. Ing kene panlti rumangsa yen panliten iki isih akeh kurange. Mula saka kuwi TTAP isih perlu dirembakakake supaya luwih sampurna.

KAPUSTAKAN

- Antunsuhono. 1956. *Reringkesaning Paramasastra Djawa*. Djogjakarta: Penerbitan Soejadi
- Anwar, Khadir. 1995. *Beberapa Aspek Sosio-Kultural Masalah Bahasa*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press
- Arifin dkk, Syamsul. 1987. *Tipe Kalimat Bahasa Jawa*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan
- Azis, Aminudin. 2006. "Realisasi Pertuturan Meminta Maaf dan Berterima Kasih di Kalangan Penutur Bahasa Indonesia: Sebuah Kajian Kesantunan Berbahasa" dalam Jurnal Linguistika, Vol 13, No. 25, 122—142.
- Brown, Penelope dan S.C. Levinson. 1987. *Politeness: Some Universals in Language Usage*. Cambridge: Cambridge University Press
- Chaer, Abdul. 2009. *Pengantar Semantik Bahasa Indonesia*. Jakarta: Rineka Cipta
- _____. 2010. *Kesantunan Berbahasa*. Jakarta: Rineka Cipta
- Cummings, Louise. 1999. *Pragmatik Sebuah Perspektif Multidisipliner (Jarwan)*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar

- Djajasudarma, T. Fatimah. 1994. *Wacana Pemahaman dan Hubungan Antarunsur*. Bandung: PT Eresco
- Gudai, Darmansyah. 1989. *Semantik Beberapa Topik Utama*. Jakarta:Departemen Pendidikan dan Kebudayaan Direktorat Jenderal Pendidikan Tinggi Proyek Pengembangan Lembaga Pendidikan Tenaga Kependidikan.
- Gunarwan, Asim. 2004. "Dari Pragmatik ke Pengajaran Bahasa" dalam Seminar Bahasa dan Sastra Indonesia dan Daerah. Makalah. Singaraja: IKIP Singaraja
- _____. 2007. *Pragmatik Teori dan Kajian Nusantara*. Jakarta: Penerbit Universitas Atma Jaya
- Hadiwidjana, R. D. S. 1967. *Tata Sastra*. Jogjakarta: U. P. Indonesia
- Ibrahim, Abdul Syukur. 1993. *Kajian Tindak Tutur*. Surabaya: Usaha Nasional
- _____. 1994. Panduan Penelitian Etnografi Komunikasi. Surabaya: Usaha Nasional
- Kementrian "Pengadjaran Pendidikan dan Keboedajaan. 1946. *Karti Basa*. Jakarta: Kementrian "Pengadjaran Pendidikan dan Keboedajaan
- Kiliaan, H. N. 1919. *Javaansche Spraakkunst*. S- Gravenhage: Martinus Nijhoff E.
- Leech, Geoffrey. 1983. *Principles of Pragmatics*. London: Longman.
- Mahsun. 2005. *Metode Penelitian Bahasa*. Jakarta: Rajagrafindo Persada.
- Moleong, Lexy J. 2010. *Teknik Penelitian Kualitatif*. Bandung: Remaja Rosdakarya
- Mulyana. 2005. *Kajian Wacana*. Yogyakarta: Tiara Wacana
- Nababan, P.W.J. 1987. *Ilmu Pragmatik*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan
- Direktorat Jenderal Pendidikan Tinggi Proyek Pengembangan Lembaga Pendidikan Tenaga Kependidikan
- Nadar, FX. 2009. *Pragmatik dan Penelitian Pragmatik*. Yogyakarta:Graha Ilmu
- Padmosoekotjo, S. 1987. *Paramasastra Jawa*. Surabaya: P.T. Citra Jaya Murti
- Parera, Jos Daniel. 1990. *Teori Semantik*. Jakarta: Erlangga
- Poedjasoedarma, Soepomo. 1979. *Tingkat Tutur Bahasa Jawa*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan Jakarta
- Poerwadarminta, W. J. S. 1953. *Baoesastra Djawi*. Jakarta: Noordhof Kolff N.V
- _____. 1953. *Sarining Paramasastra Djawa*. Jakarta: Noordhoff Kolff N.V
- Pranowo, Sudaryanto. 2001. *Kamus Pepak Basa Jawa*. Yogyakarta: Badan Pekerja Kongres Bahasa Jawa
- Prijohoetomo, M. 1937. *Javaansche Spraakkunst*. Leiden: E.J. Brill
- Rahyono, FX. 2010. *Kiat Menyusun Skripsi*. Jakarta: Penaku
- _____. 2012. *Studi Makna*. Jakarta: Penaku
- Ras, J.J. 1985. *Inleiding Tot Het Modern Javaans*. Dodrecht-Holland/Cinnaminson-U.S.A: Foris Publications
- Santoso, Riyadi. 1999. *Semiotika Sosial Pandangan terhadap Bahasa*. Jawa Tengah: JP Press Pustaka Eurika
- Sasangka, Sry Satriya Tjatur Wisnu. 2001. *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa*. Jakarta: Yayasan Paramalingua
- Sastrasoepadma, S. 1958 . *Paramasastra Djawi*. Jogjakarta: Soejadi
- Schiffrin, Deborah. 2007. *Ancangan Kajian Wacana*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar (Editor: Abd. Syukur Ibrahim)
- Subalidinata, R. S. 1994. *Kawruh Paramasastra Jawa*. Yogyakarta:Yayasan Pustaka Nusatama
- Subroto dkk, Edi D. 1991. *Tata Bahasa Baku Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press
- _____. 1991. *Tata Bahasa Deskriptif Bahasa Jawa*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan
- Sudaryanto. 1986. *Metode Linguistik, Bagian Pertama: Metode dan Teknik Pengumpulan Data*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press

- _____. 1991. *Kamus Indonesia – Jawa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press
- _____. 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa: Pengantar Penelitian Wahana Kebudayaan secara Linguistik*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press
- Sumarsono. 2013. *Sosiolinguistik*. Yogyakarta: Sabda lan Pustaka Pelajar
- Tarigan, Henry Guntur. 2009. *Pengajaran Pragmatik*. Bandung: Angkasa
- Titscher, Stefan. 2009. *Metode Analisis Teks & Wacana*: Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Wijana, I Dewa Putu. 1996. *Dasar-Dasar Pragmatik*. Yogyakarta: Andi Offset
- Yule, George. 2006. *Pragmatik (kajawakake dening Rombe Mustajab)*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar

